

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor. di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer. Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis. Dlawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoen dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA Redaktoer di Batawi SOERADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangaos ADVERTENTIE: 1/10 katja f 2,50 } Sakali moca: 1/32 " f 1,50 } dibajar ti pajeen Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasib. f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

## Rechtsdwalingen.

(pangadilan sasab).

Ari sipating manoesa mah, teu tjabang piuter, teu nja bado, boh agoeng boh hina, atawa beugbar djeung miskin, satata tiza oewang bae, teu aja mahiwal mintoelakua, pada kanteupan koe sipat salah, peho, katroe. Anging Alah kapu tjeuk kiat oge, anoe teu kagoengan sipat kitoe teh.

Djadi teu koedoe heran djeung heok, lamoen dina oeroes-oeroesan pangadilan aja katiroena, tjara, ari ne oge dosa, teu dihoekoem, ari noe erja boga dosa mah diepas perkarana. Kana k. sajaban kieu oer ng koedoe toemarima lamoen nging tkeun kana sipat manoesa, anging . . . aja bae ari angingna mah, lamoen nja-sabna teh koe gerukana anoe ti handap (dina waktoe vooronderzo k)

Sok . . . kadjeun lamoen ngan oekoer katiroe dina hoekoeman dengda atawa boei, aja keneh cmeatueana, dimana katangenna, tapi koemaha lamoen nginggang dina hoekoem pati, sarta geus diampakeun kabokerna teh. Tjing . . . saha ne bisa ngomean? Naha kira-kirana toean Wylands anoe katjelok ka awoent-ruen telenges napsocna, bisneun ngahroepen deui?? Koe moar asana teh, sanajan kaseroepan bogawan djaman Djakarta oge.

Mana koering mah sakantjakantja, tibareto ge sok baw-l raker, mincong belas toelis dina Sipatahoenan, jenu leungitkeun, geura leungitkeun hoekoeman gantoeang teh, koe paer, geus loba boektina.

Komo barang breh matja dina De Courant noe tanggal 7 November 27 mah, maui boeloe pendeok ting poeriding, saboele-boeloe tjaraengkat, bawaling koe baloas, aja djelema anoe teu tea teu dosa mel dihoekoem gantoeang.

Meureun geus loba noe maraos, jenu landraad Padang geus ngahoekoem Si Leman saeumer hiroep, toeloj diganti koe raad v. Justitie koe hoe koem pati.

Hadeua bae koe Kdj. besar bet digratie koe hoekoeman saeumer hiroep deui.

Tah, ari ajana bet aja noe nerangkeun jenu Si Leman sama sakali teu pisan boga dosa kana machan Si Kantjak teh, ari anoe salah mah anoe sedja sarta pik diseboet ngaranna. Deui sababna noe matak harita si saksi bebajja nge lain-lain, lantaran koe geus teu kawawa koe patjiksana poelisi djeung miiter bac, tjena. Tinimbang badan nanglang saugsara mah marjarkeun teh, mending noeroet kahajangana noe mariksa, kadjeun teuing ari oatoer mah, saudjan meunang baha oge.

Djadi katjuri pisan noeroetkeun galoerna bejja, djeungna, setanna, idadji ana anoe mawa njasah teh, dina papatiksaa samemeh dibawa kana landraad.

Noeroetkeun pikiran kamanoesan, entong mamawa kana kitab lauan, dorakana anoe boga taladjak dina papatiksaa kitoe teh aja 3 perkara: Saperkara dina njiksana (eur mariksa) djelemana dijieun sato. Kapan geuning ajana mah, alam ahir djaman, sok soemawonna djelema saudjan sato oge teu beunang dika naja. Noe ngalanggar, uja koedoe dihoekoem.

Geuraheun koe kelas!! Kadoea perkara ngabobodo ka noe djadi pangadilan nepi ka usapkeun oewet atrok-atrokan, sasab kapidangdoeng.

Katloe perkara, koe diuji kapajana . . . boga dosi pandangan hoekoeman. Meureun tjena hoekewedetna si Leman, lamoen korgong mah tjara di alam doenja, njeun meeting atawa openbar pabadrang nginggakeun motie ka Noe Kawasa, soepaja diajann extra nara ka koe ngaberesihan desana, nareungteuinganan ngagobroeskeun ka ahina (Si Leman).

Koe aja kadjadian kitoe, teh, bet koering mah oeki tambah biringidigan, sok sjeun, ajana dina, hoedjan hoekoem gantoeang teh, lain ngan si Leman bae tapi aja deui bangsan anoe samak djeung manehna. Lamoen seug kamabahan ajana-ajana, tjara model kitoe, koemaha ngomeanana, da geus dihan katjing!!

Tjing atoeb. . . . sing aja pikir kadoea leutik!! Rag-p bae argen sorangan!!

Di Europa noeroetkeun bejja noe ajana-ajana, dina waktoe jenu geus teu woeleu lebu noe njariun aksi seepaja hoekoem gantoeang tea dikobakeun. Moega - moega bae sing hasil.

Lid Volksraad Mr. Junkman koe aja bejja lalakon Si Leman, geus pakiret toemaros kaneu djadi pamarentah, moendot katrangan, sarta lamoen geus sidik pangkatoea njeunenkeun diomean.

Lain ngan dipitares koe ieu lid bae, tapi dina afdeeling verslag oge, geus aja noe ngotjek - ngotjek tina papatiksaa sok dibarengan koe saksian (mishandeling) teh. Kitoe deui koe pamarentah oge geus didjawab jenu kadjadian eta mah lain sanana, ngan loar biasna tae. Tapi sanajan kitoe koe pamarentah rek ditenean bener-bener, sarta dimana kapanggih terang dosna, tangtue dihoekoem samistina.

Redaksi De Courant mah koe djawaban pamarentah sakitoe teh katjila teu pandoeoeunana, lantaran karasana koe eta Redaksi, djiga pamarentah teh teu oeninggeta bener sababaha lobana. anoe geus nandangan hoekoeman sasab, djeung pangiksa waktue dipariksa samemeh dikalau draadkeun. Tjira deui, jenu ane wadji oeninggeta tina perkara ieu tara matja atawa tara miroesa kana roepa roepa tetja anoe aja dina roepa-roepa soerat kabar.

Geus kitoe koe eta Redaksi ditataan deui piang piang kadjadian anoe bareto boretoma geus kawawarkeun dina soerat kabarna.

Tjena:

I. Di Semarang aja hidji djelema dihoekoem 20 taon, lantaran machan bader salemboerna. Tapi heuleut sababaha taon, bet noe padjar dipahan teh datang deui ka lemboerna. Ana dipariksa, sihoreng saksi saksi palsne, anoe beunang njiksa mantri poelisi djeung oepis, anoe koedoe njaksian kitoe teh.

II. Di Maoek aja djelema disangka maling boeboek leutik disiksa koe poelisi desa, kalawan paidinna mantri poelisi, nepi ka maotna.

III. Si Moersid di Kabjorann dihoekoem 12 taon sabab machan Si Potjong. Tapi sanggeus 6 taon di panghoeargmana, bet saksi teh palsne, koe panggawe (panjksaan) loerah djeung tjamat.

IV. Di Rangkasbitoeang aja noe di sangka, djagdjang waringkas, toeloj dibawa ka bedeng. Naha teu lila bet roesak awakna, nepi ka maotna.

Ari noe boga dosa Opziener, tjiek didengda f 100,—

Kadjabana ti eta teh loba deui madjarkeun teh (De Courant tg. 8 Nov. 1927).

Naha eta teh ngawanderingen? Lain lamoen masa atoeb eta mah, tjena, rada loembrah meureun.

Lain poelisi atawa kapala handap bae anoe sok boga tekad djeung taladjak njiksa teh, malah koe Redasi mah, toean Treffers oge, Hoofd Commissaris van Politie di Batawi, dibolekerkeun rasiahna. Jenu djeunna geus njiksa hidji koemini ti Banten anoe mimitina menta djadi jongos di an djeunna, toeloj ditaban koe poelisi, nepi ka indoeng pangawana noe katchoe tatoe.

Meureun ajana mah sanggeus dihoekerkeun, sanajan malakal maot posisi oge, ari kitoe taladjakna mah, maal boe sasempingna ti nagri (da keur verlof tea), dipariksa bener bener.

Tah, koering mah ari ras ka dieu, djadi ngan bati tingceng bae noe aja, na itaha atoeb pitereseunana, lamoen teu nist ngabereskeun maneh. Tjeuk koering mah asa koesoet, moen diat- tep teh; anggr bae tjijing dina teu adil lamoen sina kieu bae mah.

Ajana dina lebah noe ageng geus djeuninganan, benema hantem pada ngadesek koe para elid Volksraad teh, meunpung geus aja djalanna sarta katrangan katrangan tjekoeup tina soerat katar. De Courant tea, koedoe t'ijer smoden als het best is, soegan bae atoeb aja tjageurna.

Djeunna deui bawasa koering mah, teu tjekoeup koe dioreos di loehoer bae, tapi sarat anoe pangpangna noe di handap oge koedoe golang sangkan oelah aja hoekoeman ngasat tea, Koemaha meureun tjena ngalangna teh?

Hih kieu geura. Sakoer anoe menangan siksaa kitoe tea koedoe daek boeka moelot sarta koedoe inget kana saksi djeung boekti, soepaja anoe sakawenang weuang tea bisa karingkoes, madoem . . . di dirjana mah, da ibarat peuting djeung koeja.

Kadjabana ti djinisna pribadi, aja deui noe pilsaenun ngabelaan teh. njarta ahina anoe lades anoe boga hak ngoroekoem ka noe nandangan siksaa tea.

Kit-e deui bangsa baom anoe geus aroeniga, koedoe karasna nangtaje-rgan kana kasalametanana pada kawoela, oelah kena kena lain koe an djeun anoe nandangan rara soesahna. Kredoe kersa miroesa toemoeloeng ka noe boetoe koe obor kana djalan kasalametanana.

Lamoen bangsa oerang teu daek panganggorean samenwerken kana ngadjankeunana oewet mah, atoeb meureun ngan oewet dina kertas bae, boentoe teu aja toelojina.

Kasakit pantar kieu moal bisa leungit, lamoen anoe dieowetanana teu daek miloe digawe.

Geura mangga ka dinja pasang koe- ping, di Europa geus meh teu aja pisan model kitoe teh.

Oca Nany.

## Mareboetkeun paisan kosong.

Tjiamis katjingtjiribi.

Ningal verslag kempelan Raad Kaboepaten Tjiamis, dina lebah njari- keun perkawis basa Soenda sareng Malajoe, koering mah ngaraos soeka- deeka, toengtoengna bet hajang seuri; ari margina, eta koe teu pati kaharti naon anoe koedoe dipareboetkeun, asa natamboeh waktue teu poegoeh. Ari soekana, pedah katingal horeng aja geuning 3 siki, anoe njaheun kana basa Soenda, noengko noengko oge loemajan. Ari doekana nja eta lanta- ran marareboetkeun toeling henteu

aja soengsoeman, anoe renjom teu poegoeh doemoekna.

Kapoengkoer, dina Sipatahoenan koering parantos njerat, jenu basa pribemi sareng malajoe anoe ajana dianggo tjeukelan dina verordeningen teh, koe pangarsana pamarentah soepados digentos koe basa Walanda.

Geura tingali serat djsim koering sareng Rd. Poerwadredja ka R. K. Mester, dina Sipatahoenan anoe nging- gou pengker. (Dua kempelan R. K. Mester, parantos ditampi koe sadajana, teu aja saerang oerang aljan anoe henteu moelakat).

Ieu perkawis teh koe Pamarentah parantos dibetkeun ka Volksraad, soepados ditimbang, bade digentos tea.

Ari anoe bade dirobah teh artikel 55 angka 2. (Dina Sip. poengkoer di- serat art. 65, teu lepat kedahna, 55) Eta art. 55 angka 2 teh, ajana oerangna kieu:

Verordening R. K. ditetepkeunana dina basa Priboei atawa basa Malajoe.

Tah ieu anoe baris dirobah teh, engke mah ditetepkeunana teh dina (koe) basa Walanda.

Anoe pernoe tea, anoe kedah tea, koe sadaja R. K. diperangan soepados eta artikel oelah dirobah, koedoe disehoenkeun tetep sakoemaha anoe geus aja, lantaran lid lid R. K. moal jenu netepkeun verordening basa Walanda, da teu ngartos (tabah) basa Walanda. Nja kadjabana 4—5 siki anoe paliter ngadonting basa Pertegesa, ari anoe sanes mah taja pangintu- tina da nja eta basa Walanda . . .

Nanging, ari R. K. Tjiamis, sanes ieu anoe dibarempagkeun teh, bet njandak artikel sanes anoe parantos sac, parantos teu aja padoekeunana.

Sareng roepina anoe djadi papadoe an di Raad Tjiamis mah, sanes per- kawis netepkeunana verordening tea, saunging ngaliarkeunana, ngabewara- keunana ka loear, ka djelema tea,

Atoeb kantenan bae, salah wesal. Perkawis ngabewarakeunana mah, henteu sareng moal dirobah, da henteu aja robahkeunana, parantos sac parantos merenah dina leresna, s k moen ditoeuet bae saenggelua ordon- nantie.

Anoe mawi tadi sanggem djsim koering, mareboetkeun paisan kosong sareng natamboeh waktue kieu katra- nganana, geura oerang etjeskeun.

1. Raad Kaboepaten Tjiamis, parantos ngadamel I poetesan, noeroet- keun stem anoe pangreana, 3:14, anoe ngalanggar, ngarempak ordon- nantie.

Kieu margina: Raad Kaboepaten, teu kening ngarempak ordonnantie, tapi kedah noeroetkeun oengelna R. R. O.

Dina R. R. O. ditetepkeun (geus kaenggel) jenu:

a. Serat serit pangangkir koedoe dina basa Priboei sareng (djeung, en, dan) basa Malajoe (Art. 38 angka 3).

b. Anoe di bewarakeun teh koedoe koe basa priboei, dibarengan djeung galinanana dina basa Malajoe, atawa sawanggelna. (Tingali Art. 66 angka 2).

c. Rarantjang begrooting sareng katranganana kedah koe basa priboei sareng (dan, en, djeung, katoe) basa Malajoe. (Tingali Art. 24 angka 1).

Doepi Raad Kaboepaten Tjiamis, anoe priboeina bangsa Soenda pa- rantos moetoes ngan bade nganggo basa Malajoe woengkoel, atoeb kan- tenan bae ngalanggar ordonnantie. Oe- pami bade kitoe mah atoeb kedah moendot ngarobah heula ordonnantie ordonnantie, teu kening oedjoeg oedjoeg gampleng dipoetes kitoe bae.

## Ti pipir hawoe.

Toeroetanen? Bet asa dina dongeng! . . . . . Kage-t aja, seuri aja. Eta lalakon komisi noe mariksa hal karibot tea di Soematra beulah koelan, di Padang! Bleeeg bae lalakon toeni „Diste- re Punten“.

Mimiti: Pamarentah ngabroem komisi Noe diangkat dadi Kongheng poersiter toean Residen Padang. Komisi menta ka Pamarentah soepa- taja toean Assisten Karsen dipindah- keun.

Meureun soepaja toemanah mariksana. Edeleid komisi ngabroem Kongheng poersitera soepaja teu oge dipindahkeun.

Koemaha ari kongheng poersiter tea? Kangheng poersiter moendot se- epaja Pamarentah ngangkat komisaris. geusan nitanu kabakoemana . . . . . komisi. Tjeuk „De Luc“

Ieu kitoe noe disebet koe Walanda harmonische samenwerking teh? Sihoreng di loehoer oge aja kame- deuan!

Murhaen pikaloetoeun. Moen bener siomongna Bapa Dja. broed, lahula ge aja bangsa koersoes koersoes teh. Koersoes ngiting! Ma- lah mase kanghoer sagala. Manehna, tjena, koengsi laladjo ngabagikeun priasa.

Djoeragan S-uahsilatalata oelo- oelo Tarikot pris katloe. Djoeragan Patpatgoelipit pandita Boljongdjengkol, pris kadoea. Eris kahiji? . . . . .

Doekna saha, pikna Pa Djabroed, da teu mako djoeragan. Ngan disebet ngaranna bae: Ama! tjena.

Ari torodjoel teh pantes, kates. . . . . moelera moeleng minante. Tjatjakan oepama di golongan Walanda mah mal loepot disetoe de heer Ama. Taji ari di oerang mah, da koelir, da lain pangkat, teu meunag sese- boetan . . . . . djoeragan!

Taji . . . . . tjeuk Pa Djabroed bari seuri, teu naon - naon. Sabalikna: atoh, sabab tembung, teu kabeh djoeragan aja dina sa'ohoreun mur- haen.

Djoeragan Ama, tampi panghormat ti

Gelenjoe.

## (\*)

Emoetan djsim koering, satoeng- toeng aja keneh eta mah anoe 3 art. anoe bieu di loelner, atoeb kantenan bae eta poetesan 14:3 teh teu aja pangaosan alias henteu sah.

Sadaja oerang Soenda, anoe aja di wengkon Raad Kaboepaten Soen- da (Tjiamis, Tasik. Garoet, Bandoeng, Koeningan, Tjiandjoer, Soekaboemi, Bogor, Poerwakarta, Rangkas, Pau- peglang, Madjalangka, Soemedang) aja hak kedah nampi bewara, verordening, sareng sadjab ti eta, dina basa Soen- da, sareng aja salinanana basa Mala- joe.

Raad Kaboepaten anoe henteu no- houan oengelna artikel dina R. R. O. eta Raad Kaboepaten nintjak salah, ngalanggar panglanggar nagara, wa- djib koe elidna diguing, soepaja te- tep nintjak djalan bener anoe kaweng- koe wet anoe ditetepkeun koe Radja.

II. Mareboetkeun paisan kosong. Anoe saerang hojong basa Soenda, anoe saerang hojong Malajoe, pare- boet tepi ka dipoetes.

Pada hal doemana oge, koe ordon- nantie parantos katjoemponan, nja eta Soenda ongkoh Malajoe ongkoh

### Tjoerat-tjaret.

#### Economische waarden en politieke rechten.

Bareto koe koering geus dipintonkeun dina Sip. timbanganana den ngeun deungeun naon sababna pangna bangsa oerang oelah boga koe disehoet „Inl. meerderheid“ tea di Volksraad. Lantaran kabueugihan aja di ditoe, padjeng, tjanah, panggedena ti mara neluhana, djadi bangsa priboeimi mah tong menta tambah hak hak geusan miloe tjampoer baer ngahujuk dajeh, ngolah Nagara. Toeroeg toeroeg kapan oerang mah teu boga harga tea.

Sanggeus matja dina Sip. No. 20 tina hal „Haryana Indonesia keur Nagri Walanda“ oedjoeg oedjoeg tjotjog bae kana eta ketjap „pangan!“ Tjeuk hate: beueuh, enja, bener, teu salah, kaharti, tapi . . . . . adl?

Njamboeng ka dina, ieu aja deui katerangan saroeapa, noe pantes dikalikeun koe oerang saroeapa, beja-keuneun ka babatoeran. Koe ieu katerangan lembong bangsa oerang teh gede pisan pangadina.

Tjeuk *De Courant* katjida besena pikeun netepkeun kabagana rahajat priboeimi sakoemna, lantaran harga tanahna oge koedoe ditoeung, deung doeti maraneluhana noe lolobana tara dileundeun di kantor bank hese di bilangan, . . . . . ngan bisa ditetepkeun kalagana bangsa priboeimi terang pang leutik lobana batan sadoeblahna modal oerang asing di oerang, noe lobana kira kira aja tiloe reboe malioen roepia.

Noeroetkeun itoenganana kantor Statistik, nueta hidji kantor noe poerah njatet njatetkeun sakabeh barang noe dikirimkeun ka leor nagara djeng noe datang ka dien, kitoe deui roepa roepa hasil boemi djeng sedjen sedjena, noeroetkeun eta kantor dina taon 1925 teh bangsa oerang geus ngajukeun hasil boemi.

Pare	98,083,332 pk.
harga f	504,800,000
ti hoema	7,053,000 pk.
harga f	28,000,000
Djagong	25,327,000 pk.
harga f	132,460,000
Sampeu	93,361,000 pk.
harga f	147,510,000
Hoei	15,714,000 pk.
harga f	23,415,000
Soeok	2,358,000 pk.
harga f	32,330,000
K. kadele	1,733,000 pk.
harga f	18,770,000
Djoemlah f	887,285,000

Toeh sakitoe pih rgeunana beubemangan tanaga oerang priboeimi. Tina pidoeiteunana pare

woengkoel geus leuwih 140,000,000 roepia ti harga sadjoemlahna goela beunang Walanda dina taon 1925.

Euweuh hartina, adjenna, bangsa oerang teh, tjara „omongana“ toean Dessauvagie?

Ari senz deui oepama diingetkeun bangsa oerang teh toe tang meulianana berang berang oerang Nagri Walanda, nepi ka adjen ratoes malioenana . . . . . maha enpi teu boga harga?

Ieu di handap tjatetan sakoer noe dikaloearkem koe bangsa priboeimi, beunang oerang priboeimi sa Indonesia. Karet 85,245,000 KG.

harga f	254,030,000
Kopi	36,688,000 KG.
harga f	33,350,000
Teh	11,773,000 KG.
harga f	18,134,000
Djoemlah f	305,514,000

Ieu angka angka teh kabeul oge ngan koe kira kira bae woengkoel. Boektina leuwih ti sakitoe, sabab bako beunang oerang priboeimi oge noe didjoel ka leor Indonesia aja 19 malioen roepiaunana.

Beubemangan hasil boemi beunang rahajat priboeimi djoemlah djambelna leuwih ti 1500 malioen roepiaunana. Tina sakabeh hasil boemi dagang-keuneun ka leor Nagara, tiloe perlumana beubemangan oerang priboeimi, teu kalawan ditoeung koe Walanda.

Ari noe doa perlumana deui beubemangan bangsa Asing, tapi pagareca bangsa priboeimi oge maroerah tea.

Djadi semah bisana ngajukeun hasil boemi noe sakitoe lobana teh kalawan panghantona priboeimi, oepama Priboeimi teu aja, ki semah moel bisa naon naon.

Ari priboeimi nadjan teu aja semah oge, teu naon naon, djalan bae.

Noeroetkeun roetjatan noe di loehoer kabueugihan semah teh pohara diolahna, ari bangsa priboeimi pohara dikahandapkeunana.

Djaba ti ieu dina *De Courant* disehoetkeun ngingetkeun kana gedena hartu perdagangan bangsa Inggris, Amerika djeng Djepang, atoch oepama nintjak gadoer pikiran deungeun kabueugihan dipake oerang pikeun hak hak ngoerces nagara meudjehna eta noe tiloe bangsa boga bagian di Volksraad.

Oelah poh deui, jen kakawasaan Walanda ngadeg dina kakawasaanana ponggawa G. eperemer bangsa . . . . . priboeimi . . . . .

Euweuh hartina bangsa priboeimi teh, na Djrg. Dessauvagie? . . . . . „Iluh!“ tjeuk si Entjep bari biwir semoe ngawet ka loehoer.

Abah si Entjep.

mikir-mikir.

Koelantaran kitoe, di hidji doa tempat, saperti di district Soekaboemi, noe lalaga kebonna babadamian, papatoengan njeun pabrik sarta poe-joek ti sakebon-kebonna baris „dijiling“ di eta pabrik. Njeri peurihna dina oercesan ngadjoel poe-joek geus kapanggih sarta kaarintip „poe-joek kampoeng“ teh koe kontrakan kontrakan ngan sa ekoer dipake „toekang djaga boesok“. Tjira noe boekt, tandana noe njata, dina harga „enteh kering“ moerah, kakara poe-joek teh ditampa koe pabrik, oepama petika nana katjida lemesna; ari teu dia-joenkeun kalajangna koemaha. Nja tinimbang poe-joek „gabar“ mah, kapaksa oge didoe witkeun, toer ieu hartana . . . . .? Limana harga „keringan“ mahal, tangloe pisan harga poe-joek naek, da kontrakan meulianana sirikra teu pareboet tea. Tapi papada kitoe oge, timbanganana noe ngadjarkeul teu watak djadi kateng-treman, da naekna harga poe-joek teu narimbangna kana kaentoenganana noe boga pabrik.

Tjindekna pangna nepi ka hajang boga pabrik sorangan teh, eta bae koe asa diteung teuinganana dina oercesan nampana poe-joek djeng gede teuing oentoengna pikeun pabrik-pabrik tea. Tapi kawarna dina barogana karep teh rada oge kadjoereng koe napsue, teu ngingetkeun kana kaluesanana. Na koemaha kitoe ari ngoerces pabrik!

Pabrik-teh oerang priboeimi, pikeun pasar Europi, kakara aja oentoengna, lamoen noe ngadjarkeunana terang tener tina:

- a. oercesan njeun teh „kering“.
  - b. perkara atoeran atoeran dagang enteh kalawan bisa ngintip kalajangna „pasar“
  - c. perkara meulianana poe-joek djeng ngadjoelna enteh koedoe ditoeung koe noe geus pohara lolobna dina oercesan djoeal meuli
  - d. djaba ti eta paparabatan di pabrik koedoe satjokepna.
- Njeun ngagiling enteh lain puga-wean gampang. Noe dadi panggoerces pabrik koedoe geus pohara tabahna legok tapak genteng kadek. Dina poeraksa pariksa ka noe digarawe koedoe tjeul; di pabrik koedoe barareh djeng noe kaseboet dina b. tea koedoe katjoeponan. Balagadma panggoerces atawa katalingeuhna noe digarawe oedjoeg oedjoek kanyahaun bae dina entehna, boh rasana, ambeuna, roepana, warnana djeng bab. ri beseu henteuna. Ingahale hartana enteh teh noeroetkeun kaajaanana noe diwintjik bieu.

Geura eta bae lamoen „meberna“ ipis teuing, dina waktoe digole poe-joek teh loba noe protong. Kad. dj. di mana dina keringanana loba keneh noe moerah hartana batan noe mahal, tjara Broken tea, Fanning djeng Dust.

Ari „poe-joek kampoeng“ ngalahoe anana bisana sok kal-pasan teuing, da di oewang awignna di djalan di dedet dina goni atawa bodag waktoe dipilirkeun ka pabrik aja djaman. Keringanana koerang hadana, roepana beureum. Demi ngagaragna kapin noeroetkeun koemaha Ljoena.

Pikeun pabrik noe ngagilingna, ngan woengkoel poe-joek ti kebon sorangan, djadi noe poe-joekna meh saroea sipatan, toer datangna ka pabrik beunang diatoer, tangloe pisan litana ngagaraig teh bisa diiker-iker. Oepama ngagaragna lila teuing, kanyahaunana dina ambeuna djeng rasana. Lamoen garanganana kabere-ngeng, lapoer entehna toeroeng. Sabalikna dimana seuneuna koerang tarik, entehna letek teu ngerekes sarta gantjang boeloekanana.

Ngagileuna „oedoe sedeng, laoen teuing oelah, gantjang teuing oelah. Tempatna milih koedoe di kamar noe bisa ganti ganti hawa sarta milihna koedoe gantjang bisi kaboeroe basah.

Meujeunna koedoe rata; oelah sa-keudeung teuing, bisi roepana koerang hade sarta „at.h“ rasana; oelah kalisan teuing, bisi koerang banget rasana djeng bisi semoe kiroeh dina meunangna njeudoeh.

Sageur koe dadaran di loehoer teu tetela, jen hama pabrik teh didjalan-keun kalawan oentoeng, lamoen pa-noengtoenna koerang kandel loeaungna mah, soemawonna oepama eukeur mah emboeng hese tjape, katambah odoh.

Noe kagoengan ieu karangan, dile-kesan Tjibadak kapoengkoer parantos ngalaladjoan hidji pabrik leutik loe-

loemajaan. Koelantaran meulianana poe-joek sakumana, toengtoengna kakerangan tempat. Dina pamebe- ran poe-joek, nepi ka njajeud Kan- delna dina paratag nepi ka 20 c. M. Koe mesin ges, mesin gorang geus teu kutanegaan; nepi ka teingtoeng- na mah ngagileuna teh koe soekoe. Moal salah deui, harita poe-joek keur meudjehna tjeulah sarta panggoerces- na koerang riksa. Padahal nampa poe-joek piliran koedoe pohara apikna, da lamoen poe-joekna koerang hade mah (oepamana teu sapetikan, teu sabataga dj. s. t.), hama boga kerin- gan hade.

Di loehoer geus kasabit sabit, jen atoeran dugang enteh, gede pisan pangaroehna kana atoerana ngagi- ling; djadi panggoerces pabrik teh koedoe oeninga leres kana kalajangna noe rek mareuli (pasar).

Atoeran dagang enteh pikeun bang- sa oerang hese katupina, hese dilan- doenganana (1). Koesabab eta pikeun pabrik oerang priboeimi, kawarna ngan k edoe pertjaja ka firma, toekang uangdjoelkeun keringan. Ari belan- gung firma tea, aja moel sadjalan djeng belangan noe boga pabrik teh.

Noe djadi panggoerces pabrik koedoe bisa nimbang, enteh warna koemaha noe koedoe didjeteun teh. Koedoe bisa nimbang, dina ngeunakeun harga poe-joek. Ieu teh lain bantrak-tan- trakeun, engke kapjoeng ditetelakeun

Seueur noe njarios enteh kaloeoran pabrik priboeimi woengkoel pikeun kaperloean pasar pasar di oerang. Tapi ari noeroetkeun noe geus ka- loeangan mah, noe lakoe teh ngan enteh bangsa moerah, tjara Dust djeng Fanning. Dikaloearkemana koe pabrik pabrik noe galeda, saperti Goolpara, Parkansalak, Goenoengrosa pohara moerahna. Katambah tam- bah oerang dieu makuena enteh teu sakoemaha lobana.

Tjeuk sawareh enteh kaloeoran pabrik priboeimi, koedoe didjoelna di pasar pasar noe bisu natima enteh noe koerang hade, saperti Rusland dina samemehna perang, djeng kabeul diemakeun Persi, Mesir djeng Perki.

Tapi ari senja enjama mah taban aja noe terang leres, koemaha kalaj- angna eta 3 nagara teh. Soemawonna lamoen aja noe leukeun mapaj, kana p kaentoenganana lamoen pabrik priboeimi ngagilingna woengkoel pikeun eta 3 nagara tea, kawarna moel aja noe tisa ngadjawab. Ngan tjeuk wangwangan, kakara bisa oentoeng, oepama hartana poe-joek djeng ougkos o igkos moerah katitih na, sabab hartana keringan di eta 3 pasar handap. Djadi lamoen pabrik priboeimi tea meulianana poe-joek koedoe diadoe harga djeng kontakon kontrakan mah, kawarna taja erogan piujeun koekoerodna. Djaba ti eta pasar first djeng mesir tangloe diseblok koe enteh ti Britsch Indië. Tjindekna eta 3 pasar teu beunang dipake tangloean.

Pabrik oerang priboeimi noe entehna djoealeun di pasar Amsterdam djeng London sagala roepana atoeran koedoe noeroetan kontrakan, sabab lamoen teu kitoe lapoer, diganganana ngeun- breuk.

Pikeun pabrik noe ngagilingna dina 1 poe 500 pond kering, perloe koedoe aja: 1 roller (panggileusan), 1 balibreker (paranti moerakem), 1 paragon (panggarangan), 1 snij machine (pangotongan), 1 sorteermachi- ne (paranti milih).

Pharagatana (tingali parelelan bieu) ± f 400, f 1200, f 1500, f 1200, f 1100, djeng f 1000. Pikeun roepa roepa ban (drijfwerk sakoerang koe rangna f 1500. Ari hartana motor Dentz Diesse noe tanagana 25 koeda f 6000.

Djaba ti eta perloe aja peti miring (paranti njampen enteh), hartana ± f 1000. Paparabatan noe sedjen ± f 500. Pabrik noe oekoeranana 30 kana 15 M. sarta noe balahana beusi ± f 15000. Djoemlah koedoe sadie f 47.500. Atjan keur tanah, pikara- ngan pabrik. Tetamana koedoe ngajukeun f 50.000.

Ari mesin mesinna tea sawareh weuteun (roller, paragon djst.) sawareh tweedehandsch: motor.

Pimolaleun pabrik woengkoel geus f 50,000. Reutenina dina 1 taon (5%) f 2500. Afschrijving dina 1 taon: mesin 10%, adegan 5%, inventaris 25%.

Djaba ti modal pikeun pabrik, koedoe aja modal golang deui (werk kapitaal), sakoerang koerangna f 15000. Perloena saperkara pikeun babajar

kaperloean sapopoë, kadoea perkara oelah nepi ka kapaksa enteh di Bata- wi keneh geus didjoel diperol perol. Toer ari harga Batawi tea arang pisan tetepna

Aja samboengana.

(1) Naha jakt's Djrg. Iskandar Brati?

### Wartos ti Administratie

Aja keneh langganan noe teu atjan majar kwartaal IV '27. Pamoegi oelah lali eng- gal kintoenkeun, atanapi nga- wartosan ka Adm. bilih teu dikintoen deui Sip.

Oepami njeratan by Adm. kedah tetela djenengan sureng nomer abone- ment.

Langganan anjar noe ngintoen post- wisse, dina strookna postwissel kedah disebat langganan anjar atampi ng- terangan sanes, soepados koe Admi- nistratie enggal dioerces.

Lg. No. 775 Noeroetkeun boekoe toenggankeun deca kw. III IV '26.

Dj. S. W. A. P. Telaga Postwissel katampi ping 13/11 '27, tanggal Pla- boeratoe 9/11'27 s. k. ajeuna di- kistoen.

R. H. Tjandjoer. Lungkoeng sae oelah diwangsoelkeun deui artos, kw. pajoen oelah majar bae.

### Dagblad Sipatahoenan.

Meh oenggal wengi satoetas matja Sip. sering mikiran djalan iektir sangkan Sip. djadi Dagblad. Malah mah ti taon 1918 aja maksud lang- aja serat kabar poean noe dikaloear- keun koe oerang Soenda, parantos nyobi nyobi mirempag sareng Bestuur Sas. teu kadjantenan djalan harita seueur balanganana teu kaerang pi- moeloeson hiroepna, dina nembun Sip. kaloear Djoeer Soeradiradja oge parantos njarios moendoet pangro- long soepados Sip. djadi Dagblad.

Ajeuna djol pangadjak ti Djoeer. Soet. Sen., atoch asa keur ngider tade meuntas mendak tjoe kang, keur mah eukeur tibahueh pisan kapangen- sapanaksadan Djoeer. Soet. Sen. teh. Ajeuna mah mangga enggal teras- keun bae, koemaha senua djalan iektir soepados tisa njeunponan, njang- gakeun ka djoeragan, Soet. Sen. c. s. Kapitalna f 20.000.

Noe kinten kinten kaerong tisa ngajukeun nja koe djalan y oorloopig aandel noe enteng bae, oepamina saperak saban sasta.

Comité Dagblad Sipatahoenan. a. Ngowarkeun bewara (Reclame), sanes bae di Sip. noe toedjoel ka: Bestuur leden Tjabang tjabang, nu- ngung di loeareun Sip. oge kedah oepamina: Patani, Goeroe goeroe desa sareng Loerah Koewoe pendetna mah ka sikoeliah dijueh desa Pasoendan ieu bewara salabarkeun.

b. Ieu oer pangadjak kedah ka- tampi sacat elatna . . . . . Desember 1927, maksadna soepados tisa netep- keun bisi henteuna dina Januari 1928 Sip. djadi Dagblad.

c. Ngajukeun propagandis noe tje- kap noe kinten kinten tisa kenging Aandelhouders 1000, djadi koe 5 sasi- tisa ngajak um Kapital f 5000 (5taon f 60.000).

Simkoering pribadi sanggem nga- bantoen 100 aandeelun, asal tiap sasih f 1.

c. Kapital f 60.000 dibagi doa.

1. keur Drukkerij Dagblad Sip. enz. enz. f 20.000.

2. keur ngadegkeun Cooperatie- bank, noe djadi tatali hoerip Oerang Soenda.

Sa- teu atjanna kadjantenan ieu pamaksadan, simkoering timpah pa- menta oerang rea, nueta hal taladjuk- na (sikep) Sip.:

1. Basana, basa Soendana tetep, 2. basa Malajoe lebetkeun, basa sikepna saperti Soemah Moeria marhoem, mar- gi terang pisan diakoe dipikaresep di- pikasengeng koe sagala bangsa, hidji djalan kana pesat madjoena Orgaan.

2. Eusina, boh Soenda boh Mala- joena kedah langkoeng langkoeng ti noe parantos, Artikel artikel noe sa- pertos: Pikiranun, Ti pipir hawoe, Makan pagi. Ieu oelah didamel pa- moeka nanging lebetkeun dina laaste pagina kolom panjeapan oge tempo tempo, sawangsoelna. Artikel artikel bangsa noe ti Djoeer: Abah si Entjep.

\* nja Soenda nja Malajoe, Soenda aja Malajoe aja, da sanes kedah woeng koel Soenda atanapi woengkoel Ma- lajoe.

Ngan . . . . . eta bae oengalna ket- jap en atanapi dan anoe sendana dieung, sareng dina R. R. O. tea tet- henteu kasebet, sareng henteu dipan- roesa kawarna.

Atanapi dihadja? Ngahadja ngalang- gar anoe parantos ditetepkeun koe Staatsblad?

Kaum Pasoendan anoe tjarak di R. K. perloe nohonan saenggelna oendang oendang, kedah moendoet ka R. K. na soepados nintjak djalan bengr, nja kitoe deui di Tjiamis.

Socriadiradja.

### Oentoeng roegina pabrik teh oerang priboeimi, djoealeun di pasar Europa.

Dina langajang mangsa „Land- bouw“ boelan October 1927, aja ka- rangana toean Ir. L. J. Vroon, landbouwconsulent di Bandoeng, noe alamatna kasebat di loehoer.

Oepama ningal legara kebon teh oerang priboeimi, eta karangan teh perloe kaoninga sareng dimanahan koe oerang rea, sabab ieu perkara teh koe emotan lain loekemajaan, tapi polara moedolna dina enggo- ning oerang ngoedag kamadjoean djalan oesaha.

Bandangan kebon-teh oerang priboe- mi djeng legana kebon kontrakan kontrakan dina pancetoepon taon

1925, ieu kapintonkeun: Priangan Priangan Priangan. Koelon tengah Wetan

Kebon kontrakan 47,763 b. 24,706 b. 12,614 b. Kebon oerang prib. 23,807 b. 1,191 b. 7,414 b. Kalawan panuhna noe kabueugihan karangan, ieu tjatetana kabueug- keun ka soegri noe maraos Sipata- hoenan.

Parantos aja djamanna kebon-kebon teh oerang priboeimi ngahidji djeng patik patik bangsa Europa atawa tjong Hoa, ti oerang priboeimi bahana (poe-joek) pabrik noe ngagilingna. Malahan pikeun kontrakan kontrakan noe kebonna teu lega, toer entehna teu sakoemaha maherna, beunang age disehoet „poe-joek kampoeng“ tuh kasoep kana roekoer hiroepna pa- trik. Pangna kitoe estoe moenasa- bah, da dina keur harga enteh sedeng (normale markt) oentoengna dina sapon „kering“ aja 20 senna saperkara, kadoea perkara koe meulian „poe- joek kampoeng“ ongkos ongkos djadi katititih moerah. Kautenan parantos taringali, dimana harga enteh di Lon- don tarik, kontrakan kontrakan meulianana poe-joek paboro boro, pareboet nepi ka harga poe-joek ngadadak naek. Tapi sabalikna oepama harga di nagri toeroen, noe taroga kebon miloe ng. heroek, sabab harga poe- joek gantjang pisan taragna.

Itoeng-itoeng pangjalar. soepaja oelah nepi ka kitoe, koe Landbouw- voorlichtingsdienst diakalan, soepaja ngadjoel poe-joek ka pabrik make perdjangjian (kontrakt). Tapi koemaha kadjadianana? Ari noe baroga kebon mah estoe doelang tizande, ngan bae doeriatna djabulah da ka- lolobaanana noe baroga pabrik teu

### Ti padoekoehan.

Moeslimin pada moeslimin  
 Noe nangtoeng: „Wah, mace ke-  
 mana Si Abang?“  
 Noe ngaliwat make kopeah beu-  
 reum semoe hideung: „Rek ka kijai  
 djoemhoer aja kabingoeing, rek toe-  
 maros.“  
 Noe ngaliwat: „Poenten, adjangan  
 aja?“  
 Njaina, seroe: „Euweuh, rek naon,  
 saha ngaran, ti mana.“  
 Noe ngaliwat: „Diterangkeun oge,  
 ngaran mah, moal oeninga, koering  
 ti Djaleuheu.“  
 Njaina: „Atjan datang engke bae“  
 bari meundeutkeun panto.  
 Bada djoemah, adjangan soemping.  
 Adjangan: „Njingkir, balik, teu  
 hajang ngomong djeung noe kitoe“.  
 Noe toemaras: „Astagfirroillah,  
 adjangan apa iui, bri hormat kepada  
 radja, roepanja, adjangan jang soeka  
 menanggap siter.“  
 Kata orang pandai, mashoer, tapi  
 laga. . . . wah 'nda karoean.

Kontak.

### A

Oewa Nany, Bakri Soeratmadja, S. D.  
 R. Panembrong enz. ieu kedah dikapa-  
 joenkeun (djadi pamoeke Artikel enz.)  
 3 Oelah aja karangan karangan  
 noe sok basi, djalaran kapegat noe  
 sana. Ieu ngamoendoerkeun kana pa-  
 narik teu resep matja.  
 W. N. Ab. 419.  
 Panjamboeng.  
 Noehoen parantos ngarodjong lala-  
 moenan sareng parantos sanggem ba-  
 de njadak saratoes saudeleun. Moeg-  
 ga moega noe tjara Djoer. siug aja  
 reboena. Sahaunaan tong waka se-  
 eur noe dimanshan, hidji bae heula:  
 Drukkerij. Atoeran atoerana bade  
 disoehoeunkeun ditjaroskeun dina Con-  
 gres di Garoet.  
 Perkawis eusi Sipatahoenan ti ka-  
 poengkoer oge dimana perloe mah  
 sok nganggo basa Melajoe. Penting  
 henteuna noeroetkeun dikajaana. Toe-  
 roeg toeroeg sakapeung mah ngang  
 gapna penting kana karangan teh,  
 dimana seueur njarekanana.  
 Beuki seueur noe njahna, tangtos  
 ngawoewoelan sagala roepina.

Red.

### Tilar Doenja.

R. Soerawigena H. O. Sakola  
 kl. II No. 1 Tjiandjoer dina  
 ping 2 November 1927 parantos  
 tilar doenja. „Pasoendan“ leu-  
 ngiteun hidji lid noe getol sa-  
 reng satia. Moegi-moegi an-  
 djeunna kenging rachmating  
 Allah

### Congres basa Soenda noe, ka II.

Poé Saptos tg. 10 September 1927.  
 (Sambocangan).  
 Poekoei 8,15 vergadering diboeke  
 koe Djoer. Voorzitter. Noe saroeumping  
 djedjel deui bae, komo koe ditamba-  
 han koe moerid Osvia djeung Kweek-  
 school mah.  
 Djoer. Djajadiredja biantara tina hal  
 pangadilan basa Soenda di V. I. O.  
 (Kweekschool, Osvia, Normalschool  
 djeung Mulo.  
 Lantaran robahna Kweekschool Osvia  
 noe kaasoe V. I. O. teh kari  
 Normalschool djeung Mulo.  
 Samemeh moeka tjarita. andjeunna  
 njarioskeun robahan ajeuna (tingali  
 praedvies andjeunna dina Poesaka  
 Soenda).  
 Di onderbouw Osvia djeung Kweek-  
 school teh pangadilan basa koeloe  
 saroea djeung di Normalschool kitoe  
 deui Mulo, njaeta soepaja bisa nroeo-  
 keun pangadilan basa ka sakola su-  
 loehoereunana atawa sanadjan teu  
 toeroe oge.  
 Kitoe deui pangadilan di boven-  
 bouw H. I. K. djeung sabangsana koe-  
 doe noelojkeun ti onderbouw sarta  
 bari direasan saperti biantara, biantara  
 (voordrachten) sawala (tebat) teh di-  
 toena bangsa eimoe (wetsenschappelijke  
 dingen).  
 Di kelas salchoereunana sing rea  
 matja ngoelik oengcara boedjanga  
 Soenda, njeun biantara (brochure)

toeloj njeotjroek basa Soenda bahu-  
 la (basa Djawa koena) Kawi nepi ka  
 aksarana.  
 Di kelas III nambahan djeung nja-  
 roengsoeu, diterankeun naon perloe-  
 na njaho basa Djawa koena saperti  
 papajan toean Kats geuning ana di-  
 tjoejtjroek mah basa Soenda bahu-  
 rea anoe saroea djeung basa Soenda  
 noe ajeuna, oge dina Oud Javaansch  
 Aksarana pon kitoe keneh saperti  
 aksara Batos toelis dina Volksal-  
 nak taoen 1926, ana digedekeun mah  
 sarta disaroekkeun, kanjahoan robah-  
 na ti noe ajeuna.  
 (Koe andjeunna aksara Batos toelis  
 digedekeun dina kertas, sarta diban-  
 dingkeun djeung aksara ajeuna).  
 Dina basa Djawa koena rea deui  
 basa Soenda noe saroea.  
 Djadi koe kitoe tetela perloeana di  
 bovenbouw basa Djawa Koeno (Kawi)  
 djeung basa Soenda koena dijarkeun.  
 Djoer. Satjadibrata biantara praed-  
 vides andjeunna noe aja dina Poesa-  
 ka Soenda.  
 Ti djaman Djoer. Moeh. Moesa ke-  
 neh geus ujoah rek njeuhkeun basa  
 koena, ajeuna aja pangadjak keneh,  
 lantaran loe noeroetan basa sedjen  
 teh mani tibabaregeg saer Djoeragan  
 Soeriadiradja tea mah bawaning ha-  
 jang pasehat.  
 Teu kahontalna maksoed njeuhkeun  
 teh, enja enjana tatjan kapanggih  
 Soendana bae, da geuning ari enja  
 mah geus merenah saperti debat soen-  
 dana sawala djiga rek nerka.  
 Koe lantaran kitoe andjeunna pa-  
 noehoen ka Djoer. Voorzitter soepaja  
 aja boekoena soendana tina basa-basa  
 koena.  
 Geus kitoe andjeunna noelojkeun  
 djoedoel njaeta soepaja pangadilan  
 basa Soenda teh di Normalschool di  
 djembarkeun.  
 Basa Soenda teh geus djadi koelit  
 djadi dajug ti wiwitanana (barang  
 goemelar) ari noe djadi djadjoentoe-  
 na (hart) moen dina getih tea mah  
 nja sakola Normal, geusan urkab-  
 keun ka mana mana.  
 Ti sakola handap nepi ka sakola  
 loehoer koedoe make voertaal basa  
 Soenda.  
 Noe disaroekkeun koe Djoer. Satja-  
 dibrata, rereana aja dina praedvies  
 andjeunna dina P. S. ngan ringkesna  
 bae pangadilan noe sedjen koedoe  
 dina basa Soenda soemawonna ari boe-  
 koe boekoe mah, nepi ka bisa nga-  
 jakeun puhoekon (boekeri).  
 Koedoe tjara sakola Walanda pepok  
 sagalana moenggoeh di Normalschool  
 oge oelah tjara ajeuna koedoe ngoen-  
 deur heula, moeloengan ti dieu ti  
 ditoe.  
 Noe aja, saperti kenging Djoeragan  
 Soeriadiradja djeung Taal Cursus,  
 djadi toeloeng gede pisan, ngan lebah  
 stjlboeken (rakitan basa) teu atjan aja.  
 Kitoe deui grammatica (elmoening  
 basa) sanadjan aja oge katerangan  
 Djoer. Ardiwinata tapi anoe njoemp-  
 nan kana maksoed noe dijarkeun  
 di Normal tatjan aja.  
 Hal woordenboek oge perloe pisan  
 ajana oelah nepi ka goeoejang, sa-  
 meueus ari aja hese hese oge, eta  
 dina lebah teu ajana.  
 Di Normal Pwk. teu eleh geleng  
 koe djaman, nja eta baroedak disina  
 dialdjar ngadji ka goeroe ngadji, tapi  
 teu woedoe lebah ngaroeksaak basana,  
 lebah njeboet si Dadap si Waroe oge,  
 njeboetna teh si Polan, noeroetan  
 Goeroe ngadji, noe matak dina lebah  
 noe kieu oge perloe barisa djadi per-  
 mana basa.  
 Satoetasna noe vergadering keprok.  
 Ditema koe Djoer. Prawiradnata on-  
 derwijzer Mulo di Batawi, modar per-  
 kara noe dipapantjankeun ka andjeun-  
 na nja eta perkara ngadjar basa Soen-  
 da di Mulo (saperti di praedvies an-  
 djeunna dina Poesaka Soenda), ti dinja  
 nambahan katrangan praedvies Dir.  
 Djajadiredja.  
 Noe ngadjar basa di Mulo koedoe  
 njaho mimiti djeung toengtoengna noe  
 rek dijarkeun.  
 Boekoe boekoe di kelas 1 Mulo,  
 koedoe dibedakeun eusina djeung sa-  
 kola sahandapeun eta.  
 Diadjar ngedalkeun ketjap di Mulo  
 katjida perloeana; pikeun boedak noe  
 teu bisaen ngedalkeun eu, g, d, p, ha-  
 bara soesahna koedoe notok ngaja  
 keun boekoe kitoe, saperti ragrag sok  
 dikedalkeun rakrak, bedjad, bedjat.  
 Sanadjan ngarti oge kana hidji hidji  
 ketjap acawa basa aksarana, ari matja  
 gantjang mah ripoeb, njeboet roti  
 roeti.  
 Si Asnan sienon djoerik = Si Asnan  
 sienneun djoerig.  
 Boekoe batjan teh, pikeun di eta

sakola mah koedoe ngawoengkoel, da  
 kitoe ksajaanana, soemawonna make  
 rek ngasoepkeun aina baroga rasa noe  
 baroga basa mah.  
 Djadi moen boekoe boekoe atawa b.  
 pangadilan basa disaroekkeun djeung  
 Normal atawa Kweekschool teh, ha-  
 mo. Moen di Mulo diadjar basa sa-  
 perti ajeuna facultatief (teu diwadib-  
 keun) baroedakna moal daraekkeun di-  
 adjar, da hese gawe moal kapake.  
 Koe lantaran eta andjeunna voor-  
 stel ka Congres soepaja dialdjarina  
 basa Soenda moerid pribomei di Mulo  
 diwadijkkeun, sabab sababna noe se-  
 djen tadi koe Djoer. Satjadibrata geus  
 didadarkeun.  
 Kitoe deui „basa sorangan“ teh koe-  
 doe dipoeesti poesti, diagoeng agoeng-  
 na koe sorangan.  
 Geus kitoe sawala:  
 Djoer. Salmoea, oetoesan Tjabang  
 Pasoendan Bandoeng; nimbang, jen  
 lemesna basa wewengkon oge perloe  
 diadjarkeun tjontona sakedik Banten  
 lemesna tina saeutik.  
 Sababna lantaran amhtenaren dja-  
 man ajeuna mah sok dipatjorkeun  
 oerang Banten ka Garoet, oerang Ga-  
 roet ka Banten perloe njarahona, ba-  
 hakoena dina mariksa perkara oelah  
 nepi ka salah paham soemawonna  
 djadi teu adil.  
 (Sambocangan).

### Kalepatan dina Volksal- nak Soenda 1928.

Moegi aja sih pitoeloeng, kereka  
 ngalebetkeun ieu katerangan kana  
 Sipatahoenan.  
 Bale Poestaka ngahatoerkeun tim-  
 pah noehoen kana pitoeloeng djoeragan  
 anoe baris katampi.  
 Dina Volksalmanak Soenda 1928,  
 katja 174, kaeengel kieu:  
 a. Pangsioen-leutik, lamoen:  
 16.  
 2e. Lamoen koerangna dines tea  
 leuwih ti 5 taohon, panggedena 10 taohon,  
 tapi eta pagawe oemoerna geuwih ti-  
 na wawatesan anoe kaseboet di a,  
 sarta leuwihna, pangsaeutikna oge  
 koedoe saroea djeung koerangna dines  
 tea. Misiina hidji Mantri Poelisi o-  
 moerna geus 55 taohon, geus boga  
 hak pikeun meunang pangsioen leutik,  
 lamoen geus boga dines 22 taohon,  
 nja eta koerang 8 deui kana 30 ta-  
 hoen, da oemoerna geus leuwih 8 ta-  
 hoen ti 50 taohon.  
 Eta lepat, leresna kieu:  
 b. . . . .  
 1e. . . . .

**Preanger Chemicalien  
 Handel**  
 Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa  
 obat patent dan lain lainja,  
 Minocman, Serotoc, Sigaret,  
 Katjamata, Cutex, Boncilla, dan  
 pekakas potret.

### TOKO Universul Agentschap NIC MULLER

Goeroengladoe 15 Telefoon No. 26.  
**TASIKMALAJA.**  
 Nembe nampi Verbandtrommel (tem-  
 pat oerap kaperloeana sadidinten).  
 Perloe keur sadaja djelema noe  
 tabih ti doktor.  
 Katjida perloeana keur sadiaan di  
 bale desa soepaja sadaja djelema bisa  
 diobaran o-pama potong, rahout,  
 ragrag, barareuh, njeri beuteung, nje-  
 ri panon katjida atawa dipatjok oraj.  
 Dina ieu verbandtrommel sadia  
 sagala roepa oerap kaperloeana sapo-  
 pae.  
 Tjubi soemping ka Toko atanapi  
 njeratan engke diterangkeun sagala  
 roepina eta verbandtrommel.  
 Noe ngadjeng-ngadjeng  
**NIC MULLER.**  
 N. B.  
 Di toko kenging moendoet prijou  
 rant teu kedah majar.

**Toko KHOUW SIAUW SENG  
 (Toko BENG).**  
 Tasikmalaja Telefoon No. 7.  
 Sajagi Karéta Mesin Simplex sareng  
 sanes-sanes Merk Europa, band-band  
 Auto Merk Goodrich, Michella, Good-  
 year, Dunlop, sakalian sareng parobot  
 pikeun Auto (Gnderdeelen).  
 Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) sa-  
 perti Beureun, hedjo, blas, kuneng  
 kolot, bodas sareng nganggo strip  
 roepa-roepa, aja deui anoe nganggo  
 leter monogram koe aer mas, sae pi-  
 aan pikeun soepener.  
 Sareng roepa-roepa koler (stopflesch)  
 anoe marodel, roepa-roepa lampoe  
 batre, anoe parantos kaschor kakoe-  
 watanana, dina waktos ajeuna keur  
 rame pisan anoe ngaranggo bedil  
 angin (windbuke) pikeun plesiran, nja  
 eta keur bladjar nembak atawa keur  
 manok, badjing, tjareuh, ganggara-  
 ngan anoe sok ngaroeksaak kana pipi-  
 araan, heulang, kalong, sareng sadjab  
 ti eta sato sato anoe ngaroeksaak, tang-  
 tos taas kenging koe B. S. A. tea  
 Lantaran teu nganggo vergunning,  
 noe mawi di jagikeun njondong 2  
 roepi anoe kaliber 5 1/2 sareng 4 1/2  
 nja eta merk B. S. A. anoe mashoer  
 kaktianana sareng saena, pelorna  
 sajagi tjoekoop, sadjab ti eta, sajagi  
 roepi roepi Eetsarvies (stelan piring  
 makan) anoe pikeun 6 djalni (noe 12  
 djalni), sareng roepa roepa djam  
 (lotjeng) Westminster, erlodji anoe sa-  
 rae, peso silet peso tjoekoop goenting  
 mesin anoe parantos mashoer kase-  
 anana, njondong roepi roepi oekoer-  
 an filter (saringan tjai) pikeun nga-  
 djagi kawarasan, atawa kasehatan.

**STOP,!!!**  
 Mangga linggih heula ka toko  
 abdi ROEKANTA di Lengkong  
 Tasikmalaja jaktos toko alit, da  
 mudalna alit, nanging pangaoe  
 mangga bandingkeun sareng to-  
 ko gede.  
 Sajagi kaperloeana toeangeun  
 sadidinten, panganggo sareng  
 laudong-landong patent oge saja-  
 gi.

**Nembe medal:**  
 Goeoeeritan pangadilan nga-  
 dangding f 0.07  
 Lalepatan poetra, dosana iboe  
 rama f 0.50  
 Rasiah koesir I f 0.30  
 II f 0.45  
 Neng Hajiadi f 0.50  
 Nampi padamelan tjitakan boeko-  
 boekoe.  
**Toko en Drukkerij  
 „PASOENDAN“**  
 Tasikmalaja.

**NGANOEHOKENKEUN.**  
 Hatoen sewoe noehoen, kalajan pirang-pirang kabingahan  
 kana pitandagna Dyr. EBOD Gedipl. Vroedvrouw linggih di  
 djalan Paledang Bandoeng, rehing andjeunna parantos minton-  
 keun kanjahnna sareng katjintaana, ngaraksa ka poen bodjo  
 dina waktosna sareng saparantosna ngadjoeroe, dina wengi Rebo-  
 ping 8 November 1927, dipoelasaara doegi ka 7 diuten lamina.  
 Indoengna sareng orokna waloeja teu aja sakara-kara.  
**Catot Soetadipradja.**  
 Gang Parendeng No. 102 Bandoeng.

**Boekoe-boekoe basa Melajoe.  
 BAROE TERBIT.**  
 Boekoe Padoman saantemer Prijai B. O. W. dan Irrigatie. Isinja  
 1. Atoeran dan onkos-ongkosnja pakerdjaan menggali tanah.  
 2. Atoeran hal gebal roempot dan pager. 3 Hal bikin dan me-  
 miara djalan djalan. 4 Hal mengeroes pakerdjaan dari bamboe  
 atau lain lain pesawat di Hindia. 5 Hal mengeroes pakerdjaan  
 toemboekan dan tiang besi (fondamet djembatan atap, gawang  
 pintoe, djendela, loteng, amparan dinding, tjitakan kajoe, dan  
 tangga dari matjam-matjam pakerdjaan. 6 Mengeroes pakerdjaan  
 dari batoe (toemboekan batoe dan pengatoeran memasang batoe,  
 hal menggoenakan loeloe, ratoe, beton, plesteran, laboeran lan-  
 tij d.l.l.). 7 Hal atap. 8 Pakerdjaan dari besi. 9 Roepa-roepa.  
 Harga f 1.— franco di post f 1.15  
 Boekoe Ilmoe firasat, bergoena sekali kepada toean-toean jang  
 mace taee roepa-roepa koempoelan ilmoe ghaib, saperti firasatnja  
 segala djenis maroesia dan perempoean, hal mengitoeing baik  
 boeroeknja hari boeat menikah, alamatnja mimpi, kedoetan, pe-  
 tangan nasibnja sesoeatoe orang, ilmoe mengitoeing rasa antara  
 lelaki sama perempoean ilmoe mentjari nama anak, alamatnja  
 anak baji dan lain-lain lagi jang doeloe-doeloe ilmoe in dipegang  
 resiah oleh orang toea-toea, teroetama pendahoeloennja mene-  
 rangkan roepa-roepa ilmoe tharekat dan hakekat Islam sadjati  
 dengan tiada menjalahkan hoekoem sjara. Soenggoeh besar se-  
 kali goenanja. Harga 1 boekoe f 1,50 franco di post f 1.65  
 Boekoe katrangan Islam sadjati (bahasa Melajoe). Minja Sadja-  
 rah jang moela-moela orang membawa agama Islam ke Indone-  
 sia. 2 Jang sadjatinja Islam itoe. 3 Artioja perkataan agama.  
 4 hal kedjadianja alam doenia dan menoesia. 5 Hal manoesia  
 danggal roepa-roepa roh kekoetannja, baik roh pengrasa roh  
 angen angen (tjiptaan), roh akal, roh fikiran dan lain-lain. 6  
 Hoekoemja badan djasmani. 7 Boenji ringkasan sadjarah Tjire-  
 bon koeno. Harga f 0,50 franco di post f 0,60 rembours tambah  
 f 0.50.  
 Wawatjan Mir'adji K. Nabi Mochamad s. a. w. merk H. B. K.  
 Eusina: A s m a r a n d a u a : njaritakeun basa kangdjeng Rasoe-  
 loellah s. a. w. di sampour koe Malaikat Djibrail, diadjar mi-  
 radji ti Hidji Ismail (Masdjidi haram) ka Batoel Moekedas basa  
 danggal 27 Radjab, malem Senen. K i u a n t i ; njaritakeun roepa-  
 roepa pamendak di djalan antara Batoellah djeung Batoel Moeked-  
 as, pang eureunan di jessa Tsbah (Madinah) tjarita deesa  
 Madjlan. Pang eureunan di poentjak goenoeng Toersinal. Pang  
 eureunan di Sjam; Djin Ipri ngoedag-ngoedag mawa senoeu  
 S i n o m ; Njaritakeun lakoe-lampah noe diboeat paena teu  
 beak-beak, oenggal di etem tjoekeul deui, djeung lalampahan. Nji  
 Masitoh di koeloe koe Radja Pir Aon. Sareng saterasna doeng-  
 kap ka moelitna K. Nabi ti langka ka 7 ka alam doenja, barga  
 franco di post f 0.80.  
**Boekerij H. R. B. Kartadiredja-Bandoeng.  
 (Tjibadakweg 5).**

